



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 3 jen 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKÒ POU ENVESTIGE NOUVO TRETMAN MEDIKAL POU TIMOUN

GW Pharmaceuticals ak Eta New York pral Envestige Itilizasyon Estrè Mariwana pou Trete Malkadi ki Reziste ak Medikaman kay Timoun

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse yon akò ant Eta New York ak GW Pharmaceuticals pou devlope esè klinik ak yon engredyan aktif ki soti nan plant mariwana pou ede trete timoun yo jwenn ki genyen malkadi kap souffri kriz ak lòt konplikasyon medikal. Timoun yo ki pral patisipe nan esè sa yo se sila yo ki pa reyisi jwenn tretman pou maladi yo ak lòt metòd, epi New York pral dezyèm eta nan peyi a ki kòmanse esè pou estrè a, yo rele kanabidyòl (CBD).

“Yo pa dwe fòse ankenn timoun viv ak konsekans nwizib malkadi ki reziste ak medikaman,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Jèn Nouyòkè kap goumen ak maladi sa yo merite jwenn tretman kap mache pou yo, epi atravè envestigasyon sou merit kanabidyòl la n ap repouse fwontyè medsin modèn nan epi n ap travay pou pote amelyorasyon fondamantal nan kalite lavi timoun sa yo. Mwen vreman espere rechèch nan tèt ansanm sa pral devlope konpreyansyon nou sou tip medikaman sa yo epi alafen ede Nouyòkè viv vi yo pi byen.”

Depatman Sante Eta New York (DOH) pral pran lidèchip la nan devlopman esè klinik yo pou prezantasyon nan U.S. Food and Drug Administration, pandan GW Pharmaceuticals pral bay konsèy konsiltatif epi angaje pèsonèl ak lòt resous nan patenarya, san bliye yon apwovizyonman Epidiolex®, pwodi CBD yo a. Esè klinik la ki konsevwa pou l fèt nan lopital, inivèsite ak kolèj medikal ki nan New York, pral abòde yon priyorite swen sante esansyèl pandan tou l ap ogmante konpreyansyon kominote syantifik la sou tretman fiti pou timoun ki gen malkadi ki reziste ak medikaman.

Doktè Geoffrey Guy, Prezidan GW Pharmaceuticals, te di konsa, “Nou kontan fè tèt ansanm ak Eta New York nan pwogram revolisyonè sa ki devlope pou tabli yon baz syantifik kap ogmante konpreyansyon sou jan CBD a mache kay timoun ki souffri malkadi ki reziste ak medikaman. Kolaborasyon sa ak Eta New York chita sou baz relasyon nou ak Sant Medikal Langone nan New York University kote 60 timoun deja gen otorizasyon FDA pou yo resevwa Epidiolex.”

Kèk Enfòmasyon sou GW Pharmaceuticals

GW Pharmaceuticals se yon lidè mondyal nan devlopman medikaman kanabinoyid sou preskripsyon, epi ap mennen rechèch syantifik annakò ak lwa federal ameriken ak pèmasyon U.S. Food & Drug Administration (FDA) ak U.S. Drug Enforcement Administration (DEA). FDA deja otorize pwogram Investigational New Drug (IND) ki gen bourad lajan doktè ak Epidiolex nan 12 sit nan peyi Etazini ki konsènen anviwon 300 timoun. Yon lòt bò, GW ap vanse ak yon pwogram devlopman fòmèl ki gen bourad lajan konpayi pou Epidiolex ki konsantre sou tretman de fòm ra ak grav malkadi timoun, sendwòm Dravet ak sendwòm Lennox-Gastaut (LGS).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418